



Pou Piblikasyon Imedya: 06/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU MALADI LEJYONÈ

“Depatman Sante Eta te travay avèk dilijans sou epidemi lejyonè ane sa a depi kreyasyon l. Nou te kowòdone avèk otorite sante yo ki soti toupatou nan Eta, enkli Vil New York. Yè mwen te gen yon konvèsasyon avèk Prezidan Awondisman an Ruben Diaz Jr., ki antanke Prezidan Awondisman Bronx nan mitan epidemi lejyonè aktyèl sa a. Prezidan Awondisman an te montre gwo lidèchip ak sansibilite e li te souliye ke sa a se yon kriz sante efreyan ki te souleve anpil kesyon e ki te koze angwas enpòtan pami rezidan Bronx yo.

“Nan yon sitiyasyon tankou sa a, yon kantite pwoblèm poze anmentan. Sa a se yon kriz sante enpòtan e yo te jere l kòm enpòtan, men anmentan tou, nou dwe adrese bezwen ak krent sitwayen nou yo pou asire ke yo konprann ke pwoblèm lan sou kontwòl. Konfyans piblik la esansyèl.

“Mwen te mande Komisyonè Zucker pou l mete sou pye yon seri aksyon:

- Komisyonè a te rankontre avèk Prezidan Awondisman jodia e li te resevwa enfòmasyon apwofondi ki soti nan men Prezidan Awondisman an ki sou plas, sou sitiyasyon sante ak kesyon rezidan Bronx yo.
- Eta te fè tout egzamen pou Vil la jiska prezan nan Etablisman Wadsworth li a e kounye a nou pral elaji òf la a tout pwopriyetè bilding prive yo nan Bronx ak nan eta. Eta pral ofri w egzamen sa a gratis pou nenpòt pilòn refwadisè oswa inite kondansatè a evaporasyon ki kapab sous bakteri a.
- Nou prevwa pou pwopriyetè bilding yo responsab pou netwaye epi antreteni pilòn refwadisè yo epi kenbe yo responsab pou pwopagasyon nenpòt maladi. Bay tès gratis ta dwe ede restore konfyans piblik la ke gouvènman ap pran tout prekosyon posib. Egzamen ki pwolonje a pral bay eta egalman done ki valab tankou ki kantite lejyonela ki genyen nan eta ak nenpòt posib danje nan katye awwazinan yo oswa lòt pati yo nan eta. Pi bon moman se pou aji anvan yon epidemi rive. Prevansyon se pi gwo bagay. Sizoka yon pwopriyetè bilding pa kapab bay yon echantiyon pou yo fè tès la, Depatman Sante Eta pral bay asistans teknik kidonk yo ka rasanble echantiyon an pou yo fè tès la.
- Mwen te kontakte CDC e mwen te mande yo pou vini sou plas nan Bronx epi bay yon konferans. CDC te dakò e lap prepare yon ekip.

- Nap fè rechèch sou pi bon pratik pou enfòmè règleman nan tout eta sou pi bon fason pou anpeche bakteri lejyonela pou l pa fòmè nan sistèm sa yo ak/oswa pou l pa distribye nan lòt eta. CDC te fè travay sou sijè sa a e li te fè rechèch ke nou kwè ki kapab enstriktif oswa omwen enfòmatif. Nou pral konsilte CDC ansanm avèk tout kolaboratè enpòtan yo anvan nou pibliye règleman yo men nou vle itilize sityasyon malere sa kòm yon pwèn refòm.

“Li enpòtan pou revize istwa epi bay kontèks pou kesyon sa a. Maladi lejyonè se pa yon maladi ki nouvo, ni li pa kontajye. An mwayèn, eta genyen 539 ka pa ane. Ane sa a nou te gen ka ki te parèt nan Konte Erie ak Cortland, ansanm avèk nan Queens, Staten Island ak Bronx. Kidonk se pa yon nouvo fenomèn. Toutfwa, li egalman vrè ke epidemi a nan Bronx se pi gwo nan istwa. Nou vle trete viktim aktyèl yo, anpeche l pwopaje kounye a, epi pran prekosyon pou asire ke li pa rive ankò. Tout efò sa yo ankou avèk gwo pwofesyo- nèl yo kap travay an kowòdinasyon. Piblik la ta dwe santi l an konfyans ke nou gen kesyon sa sou kontwòl.

“Mwen swete remèsye Prezidan Awondisman Ruben Diaz Jr. mwen remèsye tou Senatè John Flanagan ak Prezidan Carl Heastie paske li te bay finansman eta pou fonksyon ijans sa a. Mwen apresye kowòdinasyon ak koperasyon CDC ak Vil New York nan efò sa a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418